# PEDAGOGIKA ILIMLERI

## Pedagogika teoriyası hám tariyxı

# КӘМИЛ ИНСАН ТӘРБИЯСЫ – МИЛЛИЙ ИДЕЯНЫҢ БАСЛЫ МАҚСЕТИ

**С.Абаев** – *философия илимлериниң кандидаты, доцент*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*
**М.А.Якубов** – *философия илимлериниң кандидаты, доцент*
*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети*
**Е.К.Алламбергенов –** *ассистент оқытыўшы*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** жамият, маънавият, тарбия, халқ, комил инсон, шахс.
**Ключевые слова:** общество, духовность, воспитание, народ, разумный человек, личность.
**Key words:** society, spirituality, education, people, intelligent person, personality.

Кәмил инсан, оны қәлиплестириў идеясы адамзат цивилизациясының раўажланыўының барлық басқышларында ең әхмийетли, актуал проблема болып келген. Өйткени, кәмилликти әрман етпеген, ҳәр тәреплеме жетилискен әўладты тәрбиялап камалға келтириў ҳаққында ойланбаған халық жоқ болса керек, егер, бар болса оның келешеги жоқ. Бундай халық ҳәм миллет өзин-өзи қурытады. Кәмил инсанды тәрбиялаў идеясы бизиң халқымыздың әзелден әдиўли нийети, оның руўхыятының баслы бөлеги болып келген.

Ҳәр бир адамды, әсиресе, жас әўладты ҳәр тәреплеме жетик инсанға айландырыў журтымыз ғәрезсизликке ерисип, демократиялық, пуқаралық жәмийет қурыў жолын таңлаған ҳәзирги жағдайымызда оғада әхмийетке ийе болмақта. Өйткени, мәнаўий әлеми жарлы, келешекке исеними төмен адам жәмийетимиздиң алдында турған ўазыйпаларды дурыс ҳәм тез түрде шеше алмайды. Өзбекстанды уллы ҳәм раўажланған елге айландырыў ушын экономикалық, социаллықсиясий ўазыйпаларды тек ғана ҳәзирги заман илимине, техникасына тийкарланып шын кеўли менен ҳадал, жемисли мийнет атқаратуғын адамлар ғана шеше алады. Бундай адам мәнаўий әлеми бай, ҳәртәреплеме билимли, әдеп-икрамлы, жетик инсан болыўы керек, сонда ғана бул қыйын ҳәм қурамалы ўазыйпаларды шеше алады. Мәнаўий-мәрипий бай инсан қанаатлық пенен, бар болған материаллық жағдайға шүкир етип жәмийет ҳәм халық ушын ҳадал мийнет етеди. Басқаша айтқанда, елимиздиң алдында турған уллы социалэкономикалық проблемаларды шешиўдиң ең баслы шәрти – бул мәнаўий, әдеп-икрамлылық жақтан жетилискен, ҳәзирги заман илим-билимин меңгерген, қәнигелиги бойынша көнлигиўлерге ийе инсанларды тәрбиялаў болып есапланады.

Кәмил инсан тәрбиясы ҳаққында Биринши Президентимиз Ислам Каримов өз пикирин төмендегише баянлаған еди: «… Перзентлеримизди еркин ҳәм кең пикирлеў уқыбына ийе болған, саналы жасайтуғын кәмил инсанлар етип камалға жеткериў – тәлим-тәрбия тараўының тийкарғы мақсети ҳәм ўазыйпасы болыўы лазым деп қабыл етиўимиз керек.

Тәлимди тәрбиядан, тәрбияны болса тәлимнен ажыратып болмайды… Бул ҳаққында пикир жүргизгенде, бизиң уллы бабаларымыз өз дәўиринде кәмил инсан ҳаққында пүтин бир әдеп-икрамлық өлшемлер топарын, заманагөй тилде айтқанда, Шығысқа тән әдепикрамлылық кодексин ислеп шыққанлығын еслеў орынлы деп билемен» [5:118].

Ҳәзирги дәўирде журтымыз тәғдирин, халқымыз келешегин белгилейтуғын тарийхый, стратегиялық, программалық ҳүжжет болған Президентимиз Шавкат Мирзиёев Пәрманы менен 2017-жыл 7-февральда қабыл етилген “2017-2021-жылларда Өзбекстан Республикасын раўажландырыўдың бес үстинликке ийе бағдары бойынша Ҳәрекетлер стратегиясы”ның социаллық салаға тийисли бөлиминде “Жасларға тийисли мәмлекет сиясатын жетилистириў” деп аталған статьяларда (5,6) жасларға байланыслы ўазыйпалар: физикалық жақтан саламат, руўхый ҳәм ақылы раўажланған, ғәрезсиз пикирлейтуғын, Ўатанға садық, қатаң турмыслық көзқарасқа ийе жасларды тәрбиялаў, демократиялық реформаларды тереңлестириў ҳәм пуқаралық жәмийетти раўажландырыў процесинде олардың социаллық жеделлигин арттырыў, орта арнаўлы, кәсип-өнер ҳәм жоқары тәлим мәкемелерин питкериўшилерди жумысқа орналастырыў ҳәм де жеке исбилерменлик саласына тартыў, жас әўладтың дөретиўшилик ҳәм интеллектуаллық қәбилетин қоллап-қуўатлаўды жүзеге шығарыў, балалар ҳәм жаслар ортасында саламат турмыс тәризин қәлиплестириў, оларды дене тәрбиясы ҳәм спортқа қатнастырыў, жасларды социаллық қорғаў, жас шаңарақлар ушын ылайықлы үй-жай ҳәм жәмийетликтурмыслық шараятлар жаратыў, жасларға тийисли мәмлекетлик сиясатты әмелге асырыўда мәмлекетлик ҳәкимият ҳәм басқарыў органлары, тәлим мәкемелери, жаслар ҳәм басқа шөлкемлериниң нәтийжели искерлигин шөлкемлестириў белгиленген.

Ҳәрекетлер стратегиясы жаслар ҳәм оларға тийисли проблемаларды комплекс шешиўин ортаға қойған, олар ҳәзирги күнде орынланып атыр. Бул өз гезегинде жасларды кәмил инсан етип тәрбиялаўдың экономикалық, социаллық, мәнаўий-ағартыўшылық, руўхыйидеялық тийкарлары болып жүзеге шықпақта.

Кәмил инсанды қәлиплестириў проблемасы философиялық ҳәм жәмийетлик-сиясий ой-пикирдиң орайлық проблемасы болып келген. Бул мәселе барлық тарийхый дәўирлерде де уллы ойшыллардың дыққат орайында турған ең әхмийетли машқалаға айланған. Мың жыллар даўамында дөретилген дәстанлар, нақылмақаллар, қосық ҳәм аңызлар, музыкалық дөретпелерде инсан, инсанлар арасындағы қатнасықлар, дослық, бирге ислесиў, сақыйлық, мийнетсүйгишлик усаған инсанлық пазыйлетлер ардақланады. Инсанлыққа туўры келмейтуғын қара нийетлилик, жаўызлық, уятсызлық, пәмсизлик қараланады. Инсанның ҳақыйқый перзентин қүдиретли зат деп мойынлаў кереклиги, оған шексиз ҳүрмет ҳәм әлпайымлық ылайық екенлиги қайта-қайта тастыйықланады. Адамзат тарийхында инсанның тәғдирине парықсыз қараған бирде-бир ойшыл болған емес. Буған зардуштийликтиң «Авесто» китабы, Әййемги Шығыс ҳәм Грецияның атақлы философ илимпазларының пикирлери ҳәм ерте орта ҳәм орта әсирлердеги түркий тиллес халықларға ортақ әдебиймәдений жазба естеликлер дәлил бола алады. IX-XVIII әсирлерде жасаған Орайлық Азияның алымлары, ойшыл-уламалары ҳәм шайырлары инсанның мәниси, келешеги, бахыты, өмири, кәмил инсан тәрбиясы туўралы күтә баҳалы пикирлер айтқан. Хорезмий, Фарабий, Фирдаусий, Беруний, Ибн Сина, Омар Ҳайям, Юсуф Ҳас Ҳажиб, Ахмед Яссаўий, Бедил, Улуғбек, Алишер Наўайы, Бердақ Әжинияз ҳәм тағы басқа көплеген алым ҳәм шайырлардың шығармаларында бул мәселе терең ҳәм ҳәртәреплеме қойылды. Абу Наср Фарабий бул проблеманы изертлеўди баслап берген-лерден бири болып, ол инсанның бахытқа, жетикликке ерисиўи ҳаққындағы идеяны өз көзқарасларының орайына қойды. Фарабий «Пазыл адамлар қаласы» атлы китабында өз халқын бахытлылыққа баслаўшы қаланы

пазыл қала деп есаплайды. Пазыл инсан – бул жетик, кәмил инсан. Ҳақыйқый бахытқа ерисиў ушын өз ара жәрдем бериўди мақсет етип қойған адамлардың бирлеспеси болған қала – пазыйлетли – идеал қала, усындай жәмәәт – пазыйлетли, идеал жәмийет. Фарабий инсанларды өз ара жәрдемлесиўге шақырады, дүньяда бир пүтин инсан жәмәәтин дүзиў ҳаққында әрман етеди. Фарабийдиң пикиринше, камалатқа, жетикликке тек бир адамның өзи ерисе алмайды. Адамлар өз ара жәрдемлесип ғана кәмилликке ериседи, өзлеринде ең жақсы гөззал пазыйлетлерди сәўлелендиретуғын инсанлар жәмәәтин пайда етеди.

Фирдаўсий инсанды пүткил тиришиликтиң ең жетиги, ҳәр тәреплеме раўажланыўдың шыңы, барлық нәрселердиң дөретиўшиси деп биледи. «Инсаннан жақсылық, нур ҳәм раўшанлық шығады, инсансыз дүньяның өзи де жоқ», дейди ол «Шахнама»да.

Берунийдиң пикиринше, дүньяда инсанның тутқан орны, оның ығбалы мәселесине үлкен итибар менен қараған. Ол «Минералогия» атлы шығармасында адамды ҳайўаннан ажырататуғын нәрсе адамның саналы өмири, искерлиги екенлигин дурыс түсинеди. «Адамда саналы қүдирет болмағанда еди, – дейди Беруний, – оның аўҳалы ҳайўанлардан да төмен болар еди». Берунийдиң айтыўынша, инсандағы мақтаўға ылайық қәсийетлер басқаларға жақсылық ислеў, мәртлик, мүриўбет, нәписти тыя билиў, жағымлы кийиниў. Ол расгөйликти ҳәмме нәрседен жоқары қояды. «Ҳиндистан» атлы шығармасында натуўры хабар таратыўшыларды, арнаўлы түрде өтирик сөйлеўшилерди қаралайды. «Әййемги халықлардан қалған естеликлер» атлы шығармасында туўрылық, әдиллик, өзин сақлай билиў, инсап, кемтарлық, әлпайымлық, әдеп-икрам-ийбелилик, аңлы ҳәм туўры қәдемлик, ықтыятлылық, сақыйлық, мүлайымлық, билимлилик, ис билерменлик сыяқлылар ең жақсы инсанлық қәсийетлердиң қатарына киреди деп есаплайды. Бир бириниң изине түсиў, көре алмаўшылық, биреўлердиң бахытсызлығы есабынан болса да жоқары мәртебеге ийе болыў ушын ҳәрекет етиў, тек ғана өзин ойлаў, басқалар менен иси болмаслық - ең жаман қәсийетлер деп көрсетеди.

Абу Али ибн Сина, инсан - әлемниң тажы, ол даңқ ҳәм ҳүрметке толық ылайық, деп есаплаған. 20-25-жасларында-ақ илимпаз сыпатында даңқ шығарған, 57 жыл жасап 450 ден аслам мийнет жазған, өзиниң атын Медицина (мәдетсина) атамасында мәңгилестирип кеткен бабамыз Ибн Синаның өзи шын мәнисинде кәмил инсан десек болады.

Шайырлар султаны, уллы бабамыз Алишер Наўайының пикири бойынша, дүньяда инсаннан жоқары ҳеш нәрседе камалат жоқ, кәмил инсан - сөзи де пәк, өзи де пәк инсан! Ол ақыл ойы менен ҳәр қандай сораўды шеше алады, ең жоқары шынларға шыға алады. «Кимниң халықтың ғамынан басқа қайғысы болса, сен ҳақыйқый адам болсаң, оны адам деме», дейди Наўайы. Соның менен бирге, «Қуяштайнур таратыўды қәлесең, кәмилликке умтыл» деген.

Қарақалпақ ойшыллары да инсанның жетиклиги мәселесине айрықша дыққат аўдарған, ўатансүйүши болыўға шақырған. Бердақ кәмил исанның белгилерин есаплап «ер болсаң елиңди бақла, елдиң берген дузын ақла», «адам баласында болсын ар-намыс», «ер жигитке намыс пенен ар керек», «киндиктен қан тамып туўған жер ушын, өлип кеткениңше хызмет еткен жақсырақ» деп жырлап, «ақылы кәмил, билими зор, илимли ел болмайды хор» [10:43] деп жуўмақ шығарған, Әжинияз «бул дүньяның - көрки адам баласы» деп, кәмил инсанды көклерге көтерип ардақлаған.

Ислам философиясында, анығырағы тәсәўўиф философиясында кәмил инсан – бул идеал, барлық дүньялық ҳәм иләҳий билимлерди ийелеген, руўхы Ҳақтың руўхы менен тутасқан, қәлби мийрим-шәпәәт сезимлери менен толған, пәкизе адам. Наўайының тили менен айтқанда, кәмил инсан сөзи де пәк, өзи де пәк инсан болады. Кәмил инсанлар жәмийеттиң тири ҳүжданы, олар басқаларға өрнек болады, басқалар оны көрип тәўбеге келеди. Олар басқа адамлардың руўхына қуўат, көзине нур бағышлайды. Суфизмде иләҳий пәклик ҳәм гөззаллық, исеним ҳәм ой-пикир бизди бәле-бәтерден сақлайды. Суфизмдеги кәмил инсан бул халықтың идеалы, әдебияттың идеалы еди. Суфизм бул идеалға өз жолы менен, яғный дин арқалы келди. Кәмил инсан мәселеси тәсәўўиф әдебиятында көп мәрте тилге алынып, ҳәр қыйлы талқылаўға ийе болып, ол ҳаққында көп шығармалар жазылған. Солардан Саил Абдул Карим Геланий ҳәм Азизитдин Насафийлердиң (XIII әсир) «Инсани камил» атлы шығармаларын айтып өтиў орынлы. Ҳаслында кәмил инсан түсиниги биринши мәртебе Шаиқы Кабир аты менен белгили болған Мухитдин Ибн ал-Арабий (1165-1240) тәрепинен айланысқа киргизилген. Ибн ал-Арабийдиң пикиринше, кәмил инсанның жердеги тымсалы ҳәзирети пайғамбарымыз – Мухаммед (салалаху уассаллам)дур. Ол затта ақыллылық, руўхый камалат, дүньялық ҳәм иләҳий билимлер жәмленген еди. Кәмил инсан машқаласы менен басқа да суфизм илиминиң ўәкиллери, соның ишинде, Орайлық Азиядағы суфийлик тариқатының атақлы ўәкиллери, әсиресе, Шайх Нажмиддин Кубра ҳәм суфий шайырлар кең түрде шуғылланған. Белгили илимпаз Нажмиддин Камиловтың пикиринше, кәмил инсан ҳаққындағы суфизмдеги идеяларды төмендегише жәмлестириў мүмкин:

– Кәмил инсан – инсанлардың ең жетилискени, ең ақыллысы ҳәм ең данасы.

– Кәмил инсан – Иллаҳ пенен адамлар арасындағы байланыстырыўшы, иләҳий көрсетпелерди қарапайым адамларға жеткериўши уллы ғамхоршы.

– Кәмил инсан – мәртебеде ақыллы қул (ақлый аввел)ге тең. Алла дәслеп кәмил инсанды жаратты, кейнинен ол себепли басқа тирилерди жаратты.

– Кәмил инсан – Тәңри тала жаратқан ең қүдиретли руўх.

– Кәмил инсан – инсанлар жәмийети ишинен жетилисип шығатуғын әдиўли адам. Ол әзелден мәртебеси анық болған руўх емес, керисинше әдеп-икрамлықмәнаўий пәклениў процесинде камалға жетискен.

– Кәмилликтиң ең жоқарғы белгиси ҳақ жолынан барып халыққа пайда келтириў болады. Адам өз сөзи, әмелий ислери, нийети менен адамларға қанша пайда келтирсе, жаманларды туўры жолға салса, ҳақ жолында пидә болса, соншелли кәмил болып есапланады [11:150-151].

Уллы ойшыл, алым ата-бабаларымыздың пикирлери ҳәм искерлиги бүгинги күнде кәмил инсанларды тәрбиялаўда бизге жол көрсетиўши идеялар болатуғыны сөзсиз.

Әлбетте, қәлеген адамды кәмил инсан деп айта алмаймыз. Өйткени, ҳәммеде терең ойлаў, ортаға қойылған мәселени өзинше еркин түрде шеше алыў уқыбы жоқ. Кәмил инсан қатарына, бәринен бурын, әдеп-икрамлылық санасы раўажланған адамды ҳәм жәмийет тәғдирине ҳүжданы менен ҳадал қарайтуғын, халықпәрўар ҳәм пидайы инсанды киритиў мүмкин.

Дана ойшылларымыздың ҳәм Президентимиз Шавкат Мирзиёевтың пикирлеринен келип шыға отырып, жетик кәмил инсанды төмендегише тәрийиплеў мүмкин: Кәмил инсан – бул ақыллы, әдеп-икрамлы, мәдениятлы, физикалық жақтан шыныққан шахс. Ол кең ҳәм терең көзқарасқа ийе, жетик сиясий, ҳуқықый, миллетлер аралық қатнас, әдеп-икрамлылық, эстетикалық, экологиялық, физикалық, күнделикли турмыслық – қарым-қатнас ҳәм шаңарақлық мәдениятларға ийе болған, ҳәзирги заман билимлери ҳәм көникпелери менен терең қуралланған, белгили бир қәнигеликтиң

маманы болған инсан болады. Сондай-ақ, кәмил инсан ғәрезсизлик руўхындағы ой-пикирге ҳәм миллий мақтаныш сезимине ийе болыўы, Өзбекстанымыздың уллы келешегине толық исениўи, оған ерисиў ушын жеделли қатнасыўы, сөздиң шын мәнисинде Ўатансүйиўши болыўы лазым. Мине, булар жетик бәркамал инсанның белгилери. Мәнаўий жетилискенликтиң өлшеми оның жүрис-турысында, турмыс тәризинде, басқаларға қатнасығында жүзеге шығады. Адамның жетиклик дәрежеси оннан ишки ҳәм сыртқы дүньясында, ақыллы, ой-пикири менен әмелий жумысларында, сөзи менен исиниң бирлигинде көринеди. Биринши Президентимиз Ислам Каримов «Рaўажланыўдың тәғдирин мәнаўий жақтан жетик адамлар шешеди», дегенде ҳақыйқат гәпти айтқан еди.

Президентимиз Шавкат Мирзиёевтың бир қатар шығып сөйлеген сөзлеринде, оның пәрманы менен қабыл етилген ҳүжжетлерде кәмил инсан тәрбиясы мәселеси бүгинги күн талабына ылайық ҳәр тәреплеме тереӊ тийкарланған түрде шешилмекте, бул процести жетилистириўдиң жоллары ҳәм материаллық тийкарлары көрсетилмекте.

Президентимиз Шавкат Мирзиёев Өзбекстан Республикасы Президентлик лаўазымына кирисиў салтанатлы мәресиминде-ақ бул саладағы өзиниң нийетлерин былай баянлаған еди: «Бүгинги күнде «Перзентлеримиз бизден көре күшли, билимли, дана ҳәм, әлбетте, бахытлы болыўы шәрт!» деген турмыслық шақырық ҳәр бirimиздиң, ата-аналар ҳәм кең жәмийетшиликтиң санасынан ҳәм қәлбинен беккем орын ийелеген… Биз жасларға байланыслы мәмлекетлик сиясатты, ҳеш екиленбестен, қатаңлық пенен даўам еттиремиз. Тек ғана даўам еттирип қоймастан, бәлким, бул сиясатты еӊ әҳмийетли ўазыйпамыз сыпатында бүгин заман талап етип атырған жоқары дәрежеге көтеремиз.

Жасларымыздың еркин пикирлейтуғын, жоқары интеллектуаллық ҳәм руўхый потенциалға ийе болып дүнья жүзи көлеминде өз теңлеслерине ҳешқандай тараўда бос келмейтуғын инсанлар болып камалға келиўи, бахытлы болыўы ушын мәмлекетимиз ҳәм жәмийетимиздиң бар күш-имканиятларын жумсаймыз» [1].

Әлбетте, пүткил халқымыз, бәринен бурын, жасларымыз Президентимиздиң бул сөзлерин зор қуўаныш ҳәм исеним менен қарсы алды.

Кәмил инсанларды тәрбиялаў – бул, әлбетте, бәринен бурын жасларды руўхый ҳәм физикалық жақтан жетик етип камалға келтириўди аңлатады. Жаслар дегенде 14 жасқа толған ҳәм 30 жастан аспаған шахслар түсиниледи. Ҳәзир Өзбекстан халқының 55 пайызы 30 жасқа шекемги жаслар қурайды, олардың саны 18 миллионнан аслам. Соның ушын да халқымыздың бул қатламына тийисли мәмлекетлик сиясатты белгилеп алыў оғада зәрүр болып табылады.

Журтбасшымыз Шавкат Мирзиёев имзасы менен тастыйықланған 2016-жылы 14-сентябрьде Өзбекстан Республикасының 33-статьядан ибарат «Жасларға тийисли мәмлекетлик сиясаты ҳаққында» Нызамы қабыл қылынды. Усы мүнәсибет пенен 1991-жылы 20-ноябрьде қабылланған жаслар сиясаты ҳаққындағы нызам өз күшин жоғалтты. Сондай-ақ, Қарақалпақстан Республикасы Жоқары Кеңеси тәрепинен де 2017-жыл 4-апрельде «Жасларға тийисли Мәмлекетлик сиясат ҳаққында» Қарақалпақстан Республикасы Нызамы қабыл етилди, ол да 33 статьядан турады.

Жаңа Нызамның 3-статьясында тийкарғы түсиниклерге анықлама берилген. Атап айтқанда, Нызамда «Жасларға тийисли мәмлекетлик сиясаты – мәмлекет тәрепинен әмелге асырылатуғын ҳәм де жасларды социаллық жақтан қәлиплестириў ҳәм олардың интеллектуал, дөретиўшилик ҳәм басқа бағдарлардағы потенциалын жетилистириў ушын шараятлар жаратылыўын нәзерде тутатуғын социаллық-экономикалық, шөлкемлестириўшилик ҳәм ҳуқықый илажлар системасы» [6] деп көрсетилген.

«Жасларға тийисли мәмлекетлик сиясаты ҳаққында» Нызамларда бул мәмлекетлик сиясаттың тийкарғы принциплери, тийкарғы бағдарлары, оны жүзеге шығарыўды әмелге асырыўшы уйымлар ҳәм мәкемелер, олардың ўәкалатлары, жасларды ҳуқықый ҳәм социаллық қорғаў кепилликлери анық ҳәм ашық-айдын белгиленген.

2017-жыл 30-июньде «Камалот» жаслар жәмийетлик ҳәрекетиниң IV Қурылтайы болып, онда Президентимиз Шавкат Мирзиёев кең түрде шығып сөйледи. Журтбасшымыз «Физикалық ҳәм руўхый жетик жаслар – ийгиликли мақсетлеримизге жетиўде таянышымыз ҳәм сүйенишимиз болады» деп аталған өз сөзинде «Жас әўладтың тәрбиясы барлық заманларда да әҳмийетли ҳәм тийкарғы итибарда болып келгени бәршеңизге белгили. Бирақ, биз жасап атырған XXI әсирде бул мәселе, шынында да, оғада әҳмийетли турмыслық мәселеге айланып бармақта.

«Тәрбия қанша жетик болса, халық сонша бахытлы жасайды» дейди данышпанлар. Тәрбияның жетик болыўы ушын болса, бул мәселеде бослықтың пайда болыўына улыўма жол қойыўға болмайды» [1].

Президентимиз сөзинде жасларға байланыслы мәмлекетлик сиясатты әмелге асырыўдың барысындағы машқалаларды, «Камалот» жаслар жәмийетлик ҳәрекетиниң жумысында кемшиликлерди ҳәртәреплеме анализлей отырып, «Камалот» жаслар жәмийетлик ҳәрекети негизинде Өзбекстан Жаслар Аўқамын шөлкемлестириўди усыныс етти, ол делегатлар тәрепинен қабыл етилди. Усы сөйлеген сөзи, көп өтпей-ақ 2017-жыл 5-июльде қабыл етилген «Жасларға тийисли мәмлекет сиясатының нәтийжелилигин арттырыў ҳәм Өзбекстан Жаслар Аўқамы искерлигин қоллап-қуўатлаў ҳаққында» Президент Пәрманы тийкарында 30-июнь күни мәмлекетимизде «Жаслар күни» деп жәрияланды, Өзбекстан жаслар аўқамын келешек әўладты ҳақыйқый жетик, кәмил инсанлар етип тәрбиялаўда орайлық орынларды ийелейтуғын, «Жаслар – келешек дөретиўшиси» ураны астында профессионал искерликти әмелге асырыўшы дүзилмеге айналдырыў, жаңа шөлкемниң материаллық-техникалық базасын беккемлеў, оның искерлигин заман талабына ылайық шөлкемлестириў, басқарыў аппаратының ролин ҳәм абырайын көтериў бойынша илажлар белгиленди.

Демократиялық, еркин, пуқаралық жәмийетти руўхый жақтан жетилискен, ийгиликли идеялары ҳәм турмыслық исеними болған инсанлар ғана қура алады. Сол ушын соңғы жыллары жаңа басқыштан-басқышқа көтерилип, жетилисип, жаңаланып атырған жәмийетимизде жаңаша ойлайтуғын әўладты тәрбиялаў, мәнаўий-ағартыўшылық ислерин жоқары дәрежеге көтериў арқалы ҳәр тәреплеме жетилискен кәмил инсанларды қәлиплестириўге айрықша итибар берилмекте.

Соңғы үш жылдың ишинде мектепке шекемги билимлендириў системасына айрықша дыққат аўдарылды, мектеп билимлендириўи 11 жыллық системаға өтти, 228 жаңадан мектеп қурылды, академиялық лицей ҳәм кәсип-өнер колледжлери оптималластырылды, мәмлекетлик емес билимлендириў хызмети де жолға қойылды.

Сондай-ақ, пүткиллей жаңа үлгидеги уллы алым, атақлы шайыр ҳәм жазыўшылар атындағы мектеплер, «Темурбеклер мектеби», Президент мектеплери ашылды. Президентимиздиң 2020-жылғы «Математика тараўындағы билимлендириўдиң сапасын арттырыў ҳәм илимий-изертлеўлерди раўажландырыў илажлары ҳаққында» қарарына муўапық ҳәр бир районда ҳәм қалада математика пәнин тереңлестирип оқытыўға

қәнигелестирилген мектеплерди басқышпа-басқыш шөлкемлестириў белгиленди.

Президентимиз Шавкат Мирзиёевтың басшылығында жоқарыда атап өтилген илажлардың әмелге асырылыўы, тәлим-тәрбия системасының пүткиллей реформа етилиўи, оның заман талапларына сай ҳәм дүньялық раўажланған еллердиң тәжирийбесин есапқа алып қайта қурылыўы жаңаша дүньяға көзқарасқа, билим ҳәм уқыпларға ийе жаслар әўладын қәлиплестириў жолындағы табыслы дәслепки қәдемлер десек, дурыс болады.

Президент Шавкат Мирзиёев Олий Мәжилиске мүрәжатында жаслар тәрбиясына айрықша итибар қаратып, биз реформаларымыздың көлемин ҳәр тәреплеме жетик, заманагөй билим ҳәм өнеримизди пухта ийелеген, күш-ғайратлы, инталы жасларымызға сүйенемиз, деп айрықша атап көрсетти. «Биз, - деди Президентимиз, - өз алдымызға елимизде Үшинши Ренессанс тырнағын қурыўдай уллы мақсетти қойған екенбиз, оның ушын жаңа Хорезмийлер, Берунийлер, Ибн Синалар, Улығбеклер, Наўайы ҳәм Бабурларды тәрбиялап беретуғын орталық ҳәм шараятларды жаратыўымыз керек» [3]. Бул ушын бәринен бурын тәлим-тәрбияны раўажландырыўымыз, илим-пән ҳәм инновацияларды жетилистириўимиз, жасларға барлық имканиятларды жаратып бериўимиз ҳәм оларды қоллап-қуўатлаўымыз ҳәммемиз ушын үстинликке ийе ўазыйпа болыўы шәрт. Мине, сонда ғана халқымыздың бийбаҳа байлығы болған жаслар қүдиретли күшке айналады.

Усы мақсетте, деп атап көрсетти Журтбасшымыз – «Жаңа Өзбекстан – мектеп босағасынан, тәлим-тәрбия дизиминен басланады» деген идея тийкарында кең көлемли реформаларды әмелге асырамыз» [3].

Президентимиз Шавкат Мирзиёев Ташкенттеги мәлимлеме-коммуникация технологиялары бағдарына байланыслы пәнлерди тереңоқытыўға қәлиплестирилген Муҳаммед ал-Хоразмий атындағы мектептиң муғаллим ҳәм оқыўшылары менен ушырасыўда (2019-жыл 23-декабрь) былай деген еди: «Барлық жумысларымыз, реформаларымыз Өзбекстанның ертеңги күни ушын, бул келешектиң тийкары болса – Сиз, жаслар. Көзлериңизден көрип турман: Сизлер билимли, Ўатанымызға мүнәсип перзент болып жетисесиз. Бул ушын барлық шараятлар жаратып беремиз… Жаңа Өзбекстанды, әлбетте, жаслар менен бирге қурамыз».

Президентимиз Шавкат Мирзиёев Өзбекстан жаслар форумында сөйлеген сөзинде жасларға қарата илимли-билимли болыўды нәсият етип мына жалынлы сөзлер менен оларға мурәжат етти: «Илимди қәдирлең, илимге умтылың! Бир секунд ўақтыңыз да бийкар өтпесин! Жаслық – өмирдиң ең бийбаҳа дәўири. Илим ҳәм билим – отта жанбайтуғын, суўда батпайтуғын, ҳеш ким сизден тартып ала алмайтуғын байлық екенин ҳасла умытпаң!» [3].

Өзбекстанда үлкен үмит ҳәм жақсы нийет пенен әмелге асырылып атырған ислер нәтийжесинде пайда болып атырған ҳәзирги заман талапларына жуўап беретуғын жетик, кәмилликке умтылыўшы жаслар раўажланған мәмлекетлер қатарында туратуғын, келешеги уллы жаңа Өзбекстанды ҳәм оның қурамында жаңа Қарақалпақстанды қуратуғыны, Президентимиз ҳәм халқымыздың исенимин ақлайтуғыны сөзсиз.

**Әдебиятлар**


1. Мирзиёев Ш.М. Еркин ҳәм абадан, демократиялық Өзбекстан мәмлекетин мәрт ҳәм уллы халқымыз бенен бирге қурамыз. / «Еркин Қарақалпастан», 17-декабрь, 2016.
2. Мирзиёев Ш.М Физикалық ҳәм руўхый жетик жаслар ийгиликли мақсетимизге жетиўге таянышымыз ҳәм сүйенишимиз болады. /«Еркин Қарақалпақстан», 4-июль 2017.
3. Мирзиёев Ш.М Ўзбекистон Республикаси Президентининг Олий Мажлисга Мурожаатномаси (29 декабрь 2020 йил). / «Еркин Қарақалпақстан», 30-декабрь 2020.
4. Мирзиёев Ш.М. Өзбекстан Республикасы Президентиниң Өзбекстан жаслары форумында шығып сөйлеген сөзи. / «Еркин Қарақалпақстан», 29-декабрь 2020.
5. Каримов И.А. Юксак маънавият – енгилмас куч. – Т.: «Маънавият», 2008.
6. «Ёшларга оид давлат сиёсати тўғрисида» Ўзбекистон Республикаси Қонуни. /«Халқ сўзи», 15 сентябрь 2016 йил.
7. «Жасларға тийисли мәмлекетлик сиясат ҳаққында»ғы Қарақалпақстан Республикасы Нызамы. / «Еркин Қарақалпақстан», 11-апрель 2017.
8. Жаслар менен мәнзилли ҳәм системалы ислесиў бойынша әҳмийетли ўазыйпалар белгиленди. /«Еркин Қарақалпақстан», 16-январь 2021.
9. Егер, экономика – жәмийеттиң денеси болса, оның руўхы ҳәм жаны – мәнаўият болып табылады. / «Еркин Қарақалпақстан», 21-январь 2021.
10. Бердақ. Сайланды шығармалары. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1997.
11. Комилов Н. Тасаввуф. 1-китоб. –Т.: «Ёзувчи», 1996.



**РЕЗЮМЕ**

Мақолада комил инсон тушунчасининг моҳият-мазмуни, уни тарбиялашнинг жамият учун зарурат эканлиги сўз қилинади. Ўзбекистон Республикаси Президенти Шавкат Мирзиёев асарлари асосида юртимизда комил инсонни тарбиялаш борасида олиб борилаётган тадбирлар таҳлил қилинади.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассматриваются различные аспекты сущности содержания понятий «совершенный человек», показываются необходимость для общества такого человека. На основе трудов Президента Республики Узбекистан Шавкат Мирзиёева анализируется принимаемые различные меры по воспитанию совершенного человека в нашей стране.

**SUMMARY**

The article examines various aspects of the essence of the content of the concept of "ideal person", shows the need for such a person for society. Based on the works of the President of the Republic of Uzbekistan Shavkat Mirziyoyev, various measures taken to educate a perfect person in our country are analyzed.


## O’ZBEKISTONNING OLIY TA’LIM MUASSASALARIDAGI EFL (INGLIZ TILI CHET TILI SIFATIDA) DARSLARIDA LOYIHAGA ASOSLANGAN TA’LIM (PBL)NI AMALGA OSHIRISHNING AFZALLIKLARI


**U.K.Axmedova** - *tayanch doktorant*

*Urganch davlat universiteti*



**Tayanch so’zlar:** loyihaga asoslangan ta'lim, kommunikativ kompetensiya, tanqidiy fikrlash, hamkorlikda ishlash, kreativlik, EFL auditoriyasi,texnologik yangiliklar.

**Ключевые слова:** проектное обучение, коммуникативная компетентность, критическое мышление, сотрудничество, творчество, аудитория английского языка как иностранного, технологические инновации.

**Key words**: project-based learning, communicative competence, critical thinking, collaboration, creativity, EFL audience, technological innovation.


Ingliz tili butun dunyoda keng qo'llaniladigan eng muhim xalqaro tilga aylandi. Bugungi davrda butunjahon aholisi bir-biri bilan muloqot qilish uchun ingliz tilini *lingua franca* sifatida ishlatishga harakat qilishmoqda. 21-